# लइकन खातिर बाइबिल प्रस्तुति

प्रस्तुतकर्ता



# दूबारा जीवन पावे वाली लड़की


लेखक: Edward Hughes

ब्याख्याकर: Janie Forest

अनुवादकः सुरेश मसीह

अनुकूलित: Ruth Klassen


कहानी 49 से 60


**www.M1914.org**

***Bible for Children***, *PO Box 3, Winnipeg, MB R3C 2G1 Canada*



अनुज्ञापत्रः आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण करा सकीं ला बशर्ते की आप ओके बेचब ना।


Bhojpuri

याईर एगो यहूदी धार्मिक अगुवा रहलें; जे परमेश्वर क पूजा करत अउर दूसरा के परमेश्वर क वचन के सिखावल करत रहलें। एक दिन, एगो भयानक मुसीबत याईर की घरे आइल। सिर्फ बारह साल की उम्र में उनकर प्रिय बेटी, बीमार हो गोइली। केहु भी उनकर मदद ना कर सकल। उ एगो गम्भीर बीमारी रहल। याईर के मालूम रहल, की उनकर बेटी मुवत जात बा।



1

खाली एगो आदमी याईर की बेटी क मदद कर सकत रहलन। याईर, यीशु के जोहे खातिर अउर उनके अपनी घरे बुलावे की खातिर निकल पडलें। याईर के शायद ई मालूम रहल की उनकर धार्मिक दोस्त यीशु क अनुमोदन ना करत रहलें।



लेकिन याईर एकर परवाह ना कइलन। उनके अपनी बेटी की मृत्यु से पहिले जल्दी ही मदद चाहत रहे।

2


याईर, यीशु के लोगन से घेरल पवलन। उ 'यीशु की गोड़ पर गिर गइलन। हताश होके उ विनती कइलन "हमार छोट बेटी मउवट की कगार पर बा।" "कृपा करके चलीं, अउर हमरी बेटी की ऊपर हाँथ रखीं तब उ चंगा हो जायी अउर उ जिन्दा रही।"
3


यीशु याईर की संगे गइलन। लेकिन उ भारी भीड़ की कारन जल्दी उँहां से निकल ना सकलें। एगो महिला, बारह साल से बहुत बीमार रहल। उ सब डॉक्टरन की पास गइल (अउर आपन सारा पइसा ख़तम कर दिहलस) लेकिन कवनो मदद ना मिलल। ओह, उ यीशु के देखल चाहत रहे!
4


बेचारी उ महिला का करति? उ औरत मन में कहलस कि, "यदि हम खाली उनकरी कपड़ा के छू लेइब तअ, चंगा हो जाइब।" उ यीशु की ओर आगे बढ़ल। फिर, अपनी हाथ के बढ़वते, उ यीशु की कपड़ा के छू लिहलस।
5


एगो चमत्कार! एगो चमत्कार! महिला चंगा हो गोइल। उ पूरी तरह से! अबे तुरंत! उ जान लिहली की उ अच्छा अउर चंगा हो चुकल बाड़ी। लेकिन फिर एगो आवाज आइल "हमके के छूवल हअ?" यीशु पूछलें, भीड़ उनके छूवलस हअ। लेकिन जेवन औरत चंगा हो गइल रहे उ जानत रहे कि ओ के ए बारे में बतावे के चाँही। डेरात - डेरात, उ उनसे आपन पूरा कहानी सुनवलस।
6


तबे, याईर की घर से उनकर नौकर अइलन। शायद शब्दन से पहिले उनकर चेहरा इ दुखद घटना के सुनावत रहे। "आप क बेटी मर चुकल बाड़ी!" उ याईर के बतवलन, अब बहुत देर हो चुकल बा। शायद, यदि ई औरत ए सब बातन में देरी ना कइले रहित तअ ... शायद, हमार बेटी बच गइल रहित ... याईर क प्रिय छोटकी लइकी मर चुकल रहे।
7


जब यीशु ई सुनलन, तब उ जवाब दिहलन, "मत डेराअ, खाली विश्वास करअ, अउर उ चंगा हो जायी।" वास्तव में ओ समय याईर के यीशु पर विश्वास कइला में केतना मुश्किल रहल होइ। उनकर बेटी मर गइल रहली।
8

घर में, सब केहु रोवल अउर लड़की की खातिर विलाप कइल। यीशु उन सब सै कहलन "उ मरल नेइखी, लेकिन सूतल बाड़ी।" उ सब उनकरी पर हंसले रहल होइहन। उ जानत रहलन कि अब उ लड़की मर चुकल रहे।



9

यीशु उन सब के बाहर भेज दिहलन, अपनी हाथ से लड़की के उठवलन अउर कहलन, "छोटी बेटी उठअ"। याईर उहाँ रहलन। उनकर मेहरारू भी उहँवे रहल। 'यीशु क तीनो शिष्य भी उहें रहलन। उ सब यीशु क शब्द सुनत रहलन। का उ छोट मूवल लड़की भी, हँ उन सब के सुनले होइ?



10

उ मूवल लड़की 'यीशु क आज्ञा के सुनलस! उनकर आत्मा लवट आइल, अउर उ तुरंत उठ गोइल। यीशु मूवलन में से ओ के जियवलें।



11

लड़की क माइ - बाप चकित रहलें। यीशु उनसे कहलन, लड़की के कुछ खाये के दअ जा। उ केतना खुश भइल होइहें; उ यीशु क केतना आभारी रहलन। उनकरी अद्भुत प्रेम अउर शक्ति से उनकर बेटी वापस जीवित हो गइली।



12

दूबारा जीवन पावे वाली लड़की

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में से
ई कहानी लीहल गइल बा

मारकूस 5, लूका 8

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

ईश्वर जानेलन कि हमनी के बुरा करम कइले बानी जा जेकरा के उ पाप कहेलन । पाप के दण्ड मौत ह।

ईश्वर हमनी के एतना प्यार करेलन कि उ आपना एक मात्र बेटा यीशु के धरती पर भेजलन कि उ क्रूस पर मर जास आ हमनी के पाप के दण्ड अपने चुकावसु । यीशु जीगइलन आ परलोक गइलन । अब ईश्वर हमनी के पाप क्षमा कर सकेलन ।

यदि रउआ भी अपना पाप से दूर होखल चाहतानी ईश्वर से इ बात कही : हे प्रियवर यीशु हम विश्वास करीना कि यीशु हमनी खातीर मर गइलन आ अब जीवित बाडन । मेहरबानी करके रउआ ा हमरा जीवन मे आ जाईं अउर हमरा पाप के क्षमा दीही ताकि हमरा के नया जीवन मिल सको । अउर हम हमेशा रउरा संगे रह सकी । हमरा के रउआ मदद करी कि हम राउर बच्चा के तरह रउरा खातीर जी सकी आमीन ।

हमनी के बाइबिल पढीजा आ रोज दिन ईश्वर से बात करीजा !